

**POLITIK AK PWOSEDI****DAT ANTRE ANVIGÈ:** PA FIKSE**DISTRIBYON:** NAN TOUT SISTÈM LAN**PAJ:** 1 SOU 7**VÈSYON #:** 1 RANPLASE:**EMÈT PA:** JESYON SIK REVNI**APWOUVE PA:** KOMITE POLITIK AK PWOSEDI, DAWN JAVERSACK (SVP/CFO SISTÈM SANTE), MAGALY CERVERA ESCOBAR (DIREKTRIS SÈVIS FINANSYE PASYAN), WENDY BUICE (KONTRAKTÈ - VP SIK REVNI (ENSEMBLE))**DESKRIPSYON POLITIK AK PWOSEDI:** POLITIK ÈD FINANSYE**PÒTE:**

Nan tout sistèm lan: Nicklaus Children's Health System (NCHS) gen ladann Lopital, Fondasyon, Espesyalis Pedyatrik Nicklaus Children's, ak lòt antite NCHS ki posede a san pou san ak tout anplwaye ak kontraktè ki nan antite sa yo.

**OBJEKTIF:**

Pou asire ke yo evalye pou kalifikasyon pou èd finansye Sitwayen Ameriken yo ak imigran ki prezan legalman yo, ki pa kapab peye frè Lopital yo, kèlkeswa ras, relijyon, gwoup ras, orijin nasyonal, sèks, kondisyon ki te deja egziste, andikap fizik ak/oswa mantal.

**POLITIK:**

Detèminasyon èd finansye yo PA pral baze sou sa oswa yo PA pral afekte ak ras, relijyon, gwoup ras, orijin nasyonal, sèks, kondisyon ki te deja egziste, andikap fizik ak/oswa mantal konfòmman ak règleman HIPAA yo.

Depatman Sèvis Finansye Pasyan (Patient Financial Services, PFS) ap detèmine ki pasyan ki ranpli kritè pou èd finansye/swen ki p ap peye dapre yon pwosesis ki kapab verifiye ki baze sou Gid Federal sou Povrete Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, depann de dispozisyon ki annapre a: Tout tantativ pou ranbousman asirans yo dwe fin itilize (sètadi aplike pou Medicaid, bay tout enfòmasyon 3yèm pati, sa gen ladan Enfòmasyon sou Veyikil Amotè oswa lòt enfòmasyon ki nesese pou decide sou reklamasyon) anvan yo kapab konsidere kalifikasyon pou èd finansye.

Yo pral konsidere pasyan yo pou 100% èd finansye/estati san konpansasyon si revni fanmi yo pou 12 mwa anvan yo twouve l nan 200% Gid Federal sou Povrete ane aktyèl la oswa mwens (ki pibliye nan Rejis Federal la). Al gade Anèks A.

Pasyan ki gen yon nivo revni soti nan 201% jiska 400% FPG resevwa swen ak rabè baze sou tablo ki anba a. Y ap fè mizajou chak ane nan pousantaj rabè byen presi yo pou nivo 201-400% FPG. Malgre pousantaj yo kalkile yo, jan sa endike anwo a, apre yon desizyon sou kalifikasyon dapre politik sa a, yon pasyan ki kalifye pou èd finansye p ap peye plis pase AGB an pou swen dijans oswa lòt swen ki gen nesese medikal.

**POLITIK AK PWOSEDI**

PAJ: 2 SOU 7:

**DESKRIPSYON POLITIK: POLITIK ÈD FINANSYE**

0-200% FPG	201% -400% FPG
100% Ajisteman	76% Ajisteman

**\*\*Yo fè Mizajou nan Gid federal sou povrete yo nan Anèks A chak ane\*\*****EPIZÒD SWEN KATASTWOFIK:**

Yo pral konsidere pasyan yo pou 100% èd finansye si responsablite pasyan an nan sèvis lopital ak/oswa sèvis doktè afilye yo antou nan yon sèl epizòd swen depase 25% revni anyèl fanmi an. Y ap evalue kanmenm pasyan ki kalifye pou byenfezans katastwofik la epi y ap aplike responsablite pasyan aplikab la avèk itilizasyon AGB a ak echèl frè varyab baze sou FPG an.

**KALIFIKASYON PREZIME:**

Yo sipoze pasyan yo kalifye pou èd finansye dapre sikonstans lavi pasyan an pèsònèlman, ki gen ladan men se pa sa sèlman:

- Revni Pasyan an pi ba pase 200% Gid Federal sou Povrete yo epi li konsidere kòm moun ki peye limenm;
- Pasyan an egzeryate nan yon SNF;
- Pasyan an mouri san li pa kite byen koni epi li pi ba ke 200% Gid Federal sou Povrete;
- Pwogram preskripsyon Eta a finanse;
- Sanzabri oswa te resevwa swen nan yon klinik pou sanzabri;
- Patisipasyon nan Pwogram pou Fanm, Tibebe, ak Timoun (Women, Infants, and Children, WIC);
- Kalifikasyon pou kupon manje;
- Kalifikasyon pou pwogram manje midi lekòl sibvansyone;
- Kalifikasyon pou lòt pwogram èd onivo Eta oswa lokal ki pa gen finansman (pa egzanp, revni depase nivo [spend-down] Medicaid);
- Pasyan ke yo refere an pasan pa yon Asosyasyon Nasyonal Klinik Gratis;
- Li founi lojman pou revni fèb/sibvansyone kòm yon adrès ki valab; oswa
- Lòt gwo baryè prezan.

## POLITIK AK PWOSEDI

PAJ: 3 SOU 7:

**DESKRIPSYON POLITIK: POLITIK ÈD FINANSYE**

Pasyan yo jwenn ki gen kalifikasyon prezime pou èd finansye ap resevwa 100% èd finansye epi yo pa ap oblije ranpli kritè revni yo, kritè kalifikasyon byen yo, oswa ranpli yon aplikasyon pou èd finansye. Nicklaus Children's Health System gendwa itilize resous ki disponib yo (pa egzanp solisyon teknoloji, òganizasyon sèvis, elatriye) pou jwenn enfòmasyon tankou nòt kredi pou ede detèmine si yon pasyan gen kalifikasyon prezime pou èd finansye.

### ANGAJMAN POU BAY SWEN MEDIKAL DIJANS:

Lopital la founi swen pou pwoblèm medikal dijans pou moun yo san diskriminasyon, kèlkeswa si yo kalifye pou èd dapre Politik Èd Finansye a.

Lopital la pa pral antreprann aksyon ki dekouraje moun chèche swen medikal pou ijans, tankou pa egzanp mande pou pasyan depatman dijans yo peye anvan yo resevwa tretman pou pwoblèm medikal dijans oswa pèmèt aktivite koleksyon dèt ki jennen founi swen medikal pou ijans san diskriminasyon. Yo bay sèvis medikal dijans, ki gen ladan transfè dijans, dapre EMTALA, pou tout pasyan Lopital la nan yon fason ki pa fè diskriminasyon, dapre politik EMTALA lopital la.

### SÈVIS KI KALIFYE YO:

Politik sa a aplike sèlman pou frè pou sèvis dijans oswa lòt sèvis ki gen nesesite medikal ki bay nan Lopital la, ak nan tout sant swen anbilatwa NCHS yo. Sèvis ochwa yo pa kalifye pou èd finansye. Gen atachman nan politik sa a kòm Anèks B yon lis tout founisè yo, anplis de Lopital la limenm, k ap bay swen dijans oswa lòt swen ki gen nesesite medikal nan Lopital la ki presize ki founisè ki kouvri ak politik sa a ak kiyès ki pa kouvri.

### PWOSEDI:

1. Pou detèmine si yon pasyan kalifye dapre Politik Èd Finansye sa a, garan an dwe ranpli epi siyen yon aplikasyon pou fòmilè evalyasyon finansye (gade nan Anèks C). Aplikasyon yo pral aksepte pou 240 jou apre premye bòdwo yo bay pasyan an. Y ap aksepte dokiman annapre la yo kòm prèv revni:
  - a. Fòm retni federal yo
  - b. Souch peman
  - c. Deklarasyon taks sou revni
  - d. Fòm ki apwouve oswa ki refize konpansasyon chomaj oswa konpansasyon travayè
  - e. Verifikasyon alekri travay bay konsènan salè
  - f. Verifikasyon alekri ajans byennèt piblik oswa nenpòt lòt ajans gouvènman an bay, ki ka konfime sitiyasyon revni pasyan an pou 12 mwa ki sot pase yo
  - g. Yon deklarasyon pasyan an oswa pati responsab la siyen ki rekonèt si yo bay fo enfòmasyon pou fè fwòd kont yon lopital nan objektif pou jwenn pwodui oswa sèvis, se yon deli sa ye
2. Yo apwouve kont ki satisfè pwosesis kalifikasyon etabli a dapre kritè balans yo:
  - a. \$200,000 oswa pi gwo: Direktè Finansye
  - b. \$100,000-\$199,999 AVP, Pre-Aksè (Depatman Sèvis Asistans Kalifikasyon)
  - c. \$25,000-99,999: Direktè, Pre-Aksè (Depatman Sèvis Èd Kalifikasyon)
  - d. \$15,000-24,900: Manadjè, Pre-Aksè (Depatman Sèvis Èd Kalifikasyon)
  - d. 5,000-14999: Sipèvizè, Pre-Aksè (Depatman Sèvis Èd Kalifikasyon)
  - a. Apwouve:



## POLITIK AK PWOSEDI

PAJ: 4 SOU 7:

### DESKRIPSYON POLITIK: POLITIK ÈD FINANSYE

- a. Aplikasyon ki apwouve yo pral respekte pou yon peryòd 90 jou apati dat inisyal sèvis la.
- b. Pou chak admisyon pasyan entèn, yo ka fè yon revizyon pou detèmine si tout faktè kalifikasyon yo kontinye ranpli.
- c. Yo enfòme garan an alekri
  - b. Refize: Yo enfòme garan an alekri epi yo kòmanse pwosesis koleksyon nòmal.

*\*\*Nan kèk ka, pou eleman #2, se Ensemble Health Partners ki jere jesyon Pre-Aksè a epi li akseptab nan kad akò jesyon sa ke apwobasyon ajisteman yo delege bay ekip direksyon Ensemble an\*\**

### BAZ POU KALKILE MONTAN YO CHAJE PASYAN YO:

Aprè yon desizyon sou kalifikasyon dapre politik sa a, yon pasyan ki kalifye pou èd finansye p ap peye pou swen dijans oswa lòt swen ki gen nesite medikal plis pase montan yo faktire anjeneral (AGB) pou moun ki gen asirans ki kouvri swen sa yo. Lopital la kalkile AGB an dapre Metòd Retwospeksyon an, ki vle di Lopital la detèmine AGB an pou tout swen dijans oswa lòt swen ki gen nesite medikal yo bay yon moun ki kalifye pou èd finansye baze sou reklamasyon yo otorize nan Medicare frè-pou-sèvis ak nan tout konpayi asirans sante prive ki peye reklamasyon ba etablisman lopital la pandan yon peryòd 12 mwa (jan sa defini nan Règleman Trezò nan seksyon 501(r) nan Kòd Revni Entèn 1986, nan vèsyon amande li a).

Lopital la pa faktire oswa atann peman frè brit/frè total nan men moun ki kalifye pou èd finansye dapre politik sa a.

**AKSYON KI PRAN SIZOKA PEMAN PA FÈT:** Enfòmasyon anplis konsènan mezi Lopital la gendwa pran sizoka li pa resevwa peman yo dwe li dekri nan yon politik Faktirasyon ak Koleksyon apa. Manm piblik la ka jwenn yon kopi politik apa sa a gratis nan Lopital la an pasan pa enfòmasyon pou kontak ki endike anba a.

**MEZI POU FÈ PIBLISITE LAJMAN POU DISPONIBILITE ÈD FINANSYE A:** Lopital la rann Politik Èd Finansye sa a, fòm aplikasyon an, ak rezime nan langaj klè politik sa a disponib lajan sou sitwèb li a epi li mete an plas lòt mezi anplis pou fè piblikasyon politik la lajan nan kominote li sèvi yo. Anplis, pou fè aranjman pou tout gwo popilasyon yo ki gen konpetans limite nan Anglè, Lopital la tradui politik sa a, fòm aplikasyon an, ak rezime nan langaj klè politik sa a nan lang prensipal(yo) popilasyon sa yo pale.



Nicklaus Children's  
Health System

## POLITIK AK PWOSEDI

PAJ: 5 SOU 7:

**DESKRIPSYON POLITIK: POLITIK ÈD FINANSYE**

**Politik sa a aplike pou peryòd pase nan 1/1/2019 epi li ka aplike pou nenpòt ki balans ouvè ant 1/1/2019 ak pi devan.**

**REFERANS: ENFÒMASYON KONTAK LOPITAL LA:**

Sitwèb: <https://www.nicklauschildrens.org/patients-and-families/financial-assistance-program>

Telefòn: 786-624-5888

Pa Lapòs:

Nicklaus Children's Hospital

Attn: PFS Customer Service

3100 SW 62 Avenue

Miami, FL 33155

An Pèsòn:

Eligibility Assistance Services Department

3100 SW 62 Avenue

Miami, FL 33155

Lyen yo: <https://www.federalregister.gov/documents/2018/01/18/2018-00814/annual-update-of-the-hhs-poverty-guidelines>

Dokiman sa a pa kontwòlè lè li te enprime. Tanpri tcheke lis prensipal politik la nan Policy Tech nan <https://policies/> pou verifye ke sila se vèsyon ki kòrèk la anvan itilizasyon.



**POLITIK AK PWOSEDI**

**PAJ: 6 SOU 7:**

**DESKRIPSYON POLITIK: POLITIK ÈD FINANSYE**

Anèks A – Direktiv FPG pou Ane Aktyèl (Chak Ane ak Chak Mwa)

**GID FEDERAL SOU POVRETE 2021**

ANYÈL		2021	
NCH		100% Rabè	76% Rabè
Gwosè Fanmi	Gid Federal sou Povrete (Federal Poverty Guideline, FPG)	Si mwens pase 200%	Si plis pase 200% men mwens pase 400%
1	\$12,880	\$25,760	\$51,520
2	\$17,420	\$34,840	\$69,680
3	\$21,960	\$43,920	\$87,840
4	\$26,500	\$53,000	\$106,000
5	\$31,040	\$62,080	\$124,160
6	\$35,580	\$71,160	\$142,320
7	\$40,120	\$80,240	\$160,480
Chak Lòt	\$44,660	\$89,320	\$178,640

Dokiman sa a pa kontwòle lè li te enprime. Tanpri tcheke lis prensipal politik la nan Policy Tech nan <https://policies/> pou verifye ke sila se vèsyon ki kòrèk la anvan itilizasyon.



**POLITIK AK PWOSEDI**

**PAJ: 7 SOU 7:**

**DESKRIPSYON POLITIK: POLITIK ÈD FINANSYE**

CHAK MWA		100% Rabè	76% Rabè
NCH			
Gwosè Fanmi	Gid Federal sou Povrete (Federal Poverty Guideline, FPG)	Si mwens pase 200%	Si plis pase 200% men mwens pase 400%
1	\$1,451.67	\$2,903	\$5,807
2	\$1,830.00	\$3,660	\$7,320
3	\$2,208.33	\$4,417	\$8,833
4	\$2,586.67	\$5,173	\$10,347
5	\$2,965.00	\$5,930	\$11,860
6	\$3,343.33	\$6,687	\$13,373
7	\$3,721.67	\$7,443	\$14,887
Chak Lòt	\$378.33	\$757	\$1,513

Dokiman sa a pa kontwòle lè li te enprime. Tanpri tcheke lis prensipal politik la nan Policy Tech nan <https://policies/> pou verifye ke sila se vèsyon ki kòrèk la anvan itilizasyon.